

KEY TO NYC Pwotokòl Aplikasyon Ekri

Antite ke Dekrè Egzekitif Dijans Key to NYC an konsène yo dwe elabore ak kenbe yon dosye ekri k ap dekri pwotokòl antite ki kouvri a, pou li aplike ak fè respekte egzijans Dekrè a. Dosye ekri sa a dwe disponib pou enspeksyon sou demann yon fonksyonè Vil la jan lalwa otorize li.

Modèl sa a ke ou kapab ranpli kapab sèvi kòm dosye ekri ou, oswa ou gen dwa kreye pwòp pa ou.

Non Biznis la/Etablisman an:

Adrès:

Non Mèt la/Manadjè a:

1. Dekri kijan biznis ou a ap verifye prèy yon moun resevwa **vaksen kont COVID-19** ak **prèy idantifikasyon** (lè sa nesesè) pou tout anplwaye, estajyè, benevòl, oswa travayè endepandan k ap antre nan etablisman w lan:
2. Dekri kijan biznis ou an ap verifye prèy yon moun resevwa **vaksen kont COVID-19** ak **prèy idantifikasyon** pou tout kliyan ki gen laj omwen 5 an ki frekante, antre nan etablisman w lan, ale nan yon evènman oswa achte machandiz ladan:
3. Dekri **kote ou mete panno obligatwa a:**¹

¹ Yon etablisman Key to NYC kouvri dwe mete yon panno yon kote evidan pou kliyan posib yo wè li anvan yo antre nan etablisman an e li dwe avèti anplwaye yo ak kliyan yo de egzijans vaksinasyon an. Yon etablisman gen dwa mete yon panno Depatman Sante NYC an kreye, ki disponib sou entènèt nan nyc.gov/keytonyc oswa rele 311, k ap voye panno a gratis pou ou pa lapòs. Panno a disponib nan plizyè lang.

Yon etablisman gen dwa kreye pwòp panno pa li tou, ki dwe omwen 8.5 x 11 pous, sèvi ak yon gwosè ekriti omwen 14 pwen, epi gen tèks sa a ladan: "Vil New York egzije pou pèsònèl ak kliyan ki gen laj omwen 5 an vaksinen kont COVID-19 pou yo antre nan etablisman sa a. Pou konn ki kote pou pran vaksen gratis kont COVID-19, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele 877-829-4692. Pou plis enfòmasyon sou Key to NYC, vizite nyc.gov/keytonyc."